

Subject: Byenveni nan admisyon pou kindergarten!

Ane sa a, timoun ki fèt an 2019 elijib pou aplike nan kindergarten pou ane lekòl 2024-2025 la. Ekip pou admisyon nan lekòl primè a la pou ede w nan pwosesis la.

Men kèk dat enpòtan ou ta dwe okouran pandan w ap avanse nan pwosesis la.

- Madi 5 desanm 2023: Peryòd aplikasyon pou kindergarten lan ouvè
- Vandredi 19 janvye 2024: Peryòd aplikasyon pou kindergarten lan ap fèmen
- Mèkredi 27 mas 2024: Piblikasyon òf kindergarten

Yo ka chanje dat sa yo. Y ap anonse ak kominike nenpòt chanjman bay fanmi.

Menmsi peryòd aplikasyon an poko ouvè, men sa w ka fè kounye a pou kòmanse:

1. Kreye kont MySchools ou a nan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov). Ou pa bezwen kòd oswa ID, sèlman adrès imèl ou a. Si w deja gen yon kont MySchools, asire w pou konekte nan kont ou epi gade enfòmasyon pwofil pitit ou a.
2. Itilize [Anyè MySchools](#) pou kòmanse eksplòre lekòl ak pwogram.
3. Vizite lekòl yo! Tcheke [Paj aktivite MySchools](#) nou an oswa kontakte lekòl yo dirèkteman pou konnen si y ap fè nenpòt aktivite vityèl oswa anpèsòn. Ou ka ale tou sou sitwèb yon lekòl pou jwenn plis enfòmasyon; yo mete sitwèb chak lekòl sou paj MySchools li. Gade lekòl sou entènèt oswa vizite yo anpèsòn se yon bon fason pou imajine kòman li ta ka ye pou ale la.
4. Nou ankouraje tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2019 pou aplike, ladan elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, ak elèv ki nan lojman tanporè.

Lè w voye yon aplikasyon ale, sa p ap gen okenn enpak sou aplikasyon ou voye nan yon pwogram ki pa DOE, tankou lekòl charter oswa lekòl pawasyal. Yo bay chak timoun garanti pou jwenn yon plas nan kindergarten nan Lekòl Leta Vil Nouyòk.

**Ou vle jwenn plis enfòmasyon?** Ale sou [sitwèb admisyon kindergarten](#) nou an pou gade lis videyo nou an ki gen ladan eksplikasyon sou plizyè leson sou sitwèb MySchools. Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center\)](#) ki pre lakay ou a.

Bòn chans,  
Ekip admisyon nan lekòl primè